

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Kabaya salah sahiji hasil réka cipta manusa Sunda nu kungsi aya dina jamanna. Kabaya nu dipaké ku wanoja Sunda mangrupa pakéan adat tradisional Jawa Barat anu ngeuyeuban kabeungharan pakéan adat nu aya di Nusantara. Kiwari pasualan maké kabaya di Jawa Barat geus aya kawijakan nu ngaturna, di antarana maké kabaya dina poé-poé anu tangtu pikeun barudak di sakola ti mimiti SD nepi ka SMA. Ieu hal suméndér kana kagiatan “Rebo Nyunda” anu ditetepkeun pamaréntah kota Bandung pikeun ngarojong Perda Nomer 2 Taun 2012 ngeunaan *Penggunaan dan Pelestarian, Bahasa, Sastra, dan Aksara Sunda*.

Kabaya dipaké ku barudak awéwé, sedengkeun barudak lalakina mah maké kamprét atawa pangsi. Kabaya nu dipaké ku barudak sakola ayeuna mah leuwih praktis, boh wangunna boh modélna. Ieu kawijakan téh mangrupa maniféstasi kawijakan Jawa Barat, dilarapkeun ogé ka PNS (Isnéndés, 2015).

Busana kabaya ngalaman parobahan wangun jeung kumaha cara makéna. Ieu hal ngabalukarkeun robahna ajén, fungsi jeung kontéks. Ajén-ajén nu aya dina kabaya teu réa dipikanyaho ku wanoja kiwari. Maké kabaya mah béda jeung maké busana séjénna, sajaba ti disamping ogé kudu disanggul sarta ditiung. Ku kamekaran jaman, kabaya ogé ngalaman parobahan. Nu baheula mah kabaya téh ukur maké panitih, kiwari mah kabaya téh geus maké kancing. Éta hal patali jeung atikan, étika, jeung éstétika di sagédéngun majuna widang téhnologi tékstil jeung busana.

Jaman baheula mah sakur nu rék maké kabaya atawa boga karep hayang mibanda kabaya kudu nyieun sorangan. Tapi umumna éta ogé keur nu bisa jeung nu boga pakeunna. Kiwari mah sakur nu hayang ngabogaan kabaya moal hésé néangan, bisa ngaput atawa meuli nu geus jadi. Parobahan kabaya dipangaruhan ku sawatara faktor: (1) faktor géografis; (2) kasang tukang sajarah; (3) budaya jeung kahirupan sosial; (4) ekonomi; sarta (5) transformasi budaya nu lumangsung mangabad-abad. Ieu hal ngabalukarkeun ayana ciri has budaya nu anyar dina kabaya.

Rostika Srihilmawati, 2019

KANDAGA KECAP BUSANA WANOJA DINA RUMPAKA KAWIH SARTA IMPLIKASINA PIKEUN MEDIA JEUNG BAHAN AJAR BASA SUNDA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Jaman baheula, kaum ménak maké baju kabaya tina bahan buludru hideung, sampingna dibeulitkeun, aya ogé anu dilamban hareupna. Ari kaum cacah atawa rahayat biasa hasil pabrik jeung bahanna katun biasa. Kiwari, sabagian gedé masarakat geus maké kabaya tina katun pabrik. Cara nyieunna gé geus ngalaman parobahan. Baheula mah ngaput sorangan, kiwari geus loba nu meuli jadi atawa ngaput ka tukang kaput.

Kiwari, wanoja Sunda loba nu teu sadar yén maranéhna keur malsapah waktu maké kabaya, nyaéta nyipta jeung ngahontal kahirupan nu leuwih hadé. Kabaya nu dipaké di tatar Sunda bisa némbongkeun ajén palsapah boh nu patali jeung warna, boh dina cara ngagunakeunna, boh dina naon waé nu patalina jeung kabaya. Ieu hal teu leupas tina paripolah nu katémbong waktu maké kabaya. Busana wanoja (kabaya) teu ukur patali jeung kabaya atawa sampingna, tapi ogé patali jeung *selop*, *kemben*, jsté nu tétéla kabéh ngandung ajén palsapah. Busana wanoja nu dipaké kalawan lengkep disebut pinton anggon atawa *tata busana*, sakumaha anu kungsi dijelaskeun ku Suciati waktu diskusi ngeunaan *Kebaya dan Peran Perempuan sebagai Pemelihara Budaya (Braga Art Cafe, 29 Maret 2017)* ngawengku: (1) sanggul; (2) kabaya; (3) kemben; (4) karémbong; jeung (5) selop. Pinton anggon mangrupa bagian tina *penampilan* jeung kapribadian dina maké busana di saluareun *ngadisaliro* (tata rias).

Di luar fénoména nu geus lumangsung di jaman kiwari, tétéla unggal busana miboga unsur kabudayaan nu di jeron leubeut ku ajén palsapah. Acep Iwan Saidi (waktu diskusi rancangé di Graha Kompas Bandung, 17 Maret 2018) nétélakeun yén busana kagolong kana peta budaya nu aya dina kalungguhan étnik Sunda.

Patali jeung busana wanoja di masarakat bisa muncul dina wangun kandaga kecap dumasar pinton anggon, éta kecap téh bisa nyampak na rumpaka kawih Sunda. Satuluyna, papasingan wangun kecapna bisa digundukkeun antara kandaga kecap hiji jeung kandaga kecap séjénna boh dumasar wangun atawa warna kecapna. Kandaga kecap nu patali jeung busana wanoja téh kalintang legana, ieu panalungtikan ukur maluruh kandaga kecap nu patali jeung tata busana kabaya wungkul.

Ngeunaan kabaya dina rumpaka kawih tétéla réa pisan, ti kawih-kawih heubeul nepi ka nu kaayeunakeun. Eusi dina unggal rumpaka ogé béda-béda, luyu

jeung judul kawihna kayaning: (1) *Karémbong Kayas*; (2) *Kabaya Bandung*; (3) *Kabaya Beureum*; (04) *Kabaya Konéng*, jsté. Tapi aya ogé nu antara judul jeung eusi téh teu aya patalina jeung unsur-unsur kabaya kayaning: (1) *Mahoni*; (2) *Éntog Mulang*; (3) *Garut Tasik*, jsté.

Panalungtikan ngeunaan rumpaka kawih kungsi dilaksanakeun, di antarama waé: (1) “Ulikan Struktural jeung Semiotik Rumpaka Kawih Sunda anu Jejerna Kadaharan Pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMP” meunang Gina Kustiawati (tésis, 2017); (2) *Kajian Struktur jeung ajén Sosial kana Rumpaka Lagu Pop Sunda karya Doel Sumbang*” meunang Rizky Prasasti Anwari (skripsi, 2016); (3) “Rumpaka Kawih Wanda Pop Sunda Karya Doel Sumbang (Ulikan Struktur-Semiotik jeung Ajén Moral)” meunang Niknik Déwi Pramanik (tésis, 2013); (4) “Rumpaka Kawih dina Kasenian Ronggég Gunung di Désa Ciulu Kecamatan Banjarsari Kabupatén Ciamis (tilikan Struktur jeung Stilistik)” meunang Réspi Lestari (tésis, 2016); (5) “Interferensi Léksiko-Gramatikal Bahasa Indonésia kana Basa Sunda dina Rumpaka Lagu Pop Sunda” meunang Asép Fajar Anshari (tésis, 2013). Éta panalungtikan medar ngeunaan: (1) rumpaka kawih Sunda anu jejerna kadaharan kalayan ditalungtik struktural jeung semiotikna; (2) rumpaka kawih nu diulikna nyaéta struktur jeung ajén sosial; (3) rumpaka kawih nu diulikna struktur jeung semiotikna; (4) rumpaka kawih nu hirup dina kasenian kalayan diulik struktur jeung gaya basana (stilistik); (5) rumpaka kawih kalayan eusi panalungtikana medar ngeunaan interférensigramatikal basa Indonesia kana basa Sunda.

Najan pada-pada nalungtik rumpaka kawih, tapi ulikan husus ngeunaan ajén palsapah busana kabaya dina rumpaka kawih can dilaksanakeun. Ku kituna panalungtikan nu dijudulan “**Kandaga Kecap Busana Wanoja dina Rumpaka Kawih sarta Implikasina pikeun Média jeung Bahan Ajar Basa Sunda di SMA (Ulikan Ajén Palsapah jeung Léksiko-Semantik)**” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Saacan dirumuskeun, dumasar kana naon nu jadi kasang tukang dina ieu panalungtikan, rumusan masalah ngandung tilu ambahan (1) léksiko-semantik, (2) ajén palsapah, sarta (3) média jeung bahan ajar (mp3). Léksiko-semantik maluruh

kandaga kecap katut hartina, ajén palsapah maluruh sapuluh ajén palsapah. Sangkan leuwih tétéla, ilikan rumusan masalah ieu di handap.

- 1) Kandaga kecap busana wanoja (kabaya) naon waé nu aya dina rumpaka kawih?
- 2) Kumaha harti kandaga kecap busana anu aya dina rumpaka kawih?
- 3) Kumaha ajén palsapah busana wanoja (kabaya) nu nyampak dina rumpaka kawih?
- 4) Kumaha implikasi kandaga kecap busana wanoja (kabaya) dina rumpaka kawih pikeun media sarta bahan ajar basa Sunda di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus. Ieu tujuan baris ditataan cara ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun kumaha gambaran maké busana kabaya di tatar Sunda dumasar kana naon nu kapanggih dina rumpaka kawih Sunda tuluy dipaluruh ajén palsapah nu nyampak dina sakumna unsur waktu maké busana kabaya. Hasil panalungtikan bisa aya implikasi pikeun média jeung bahan ajar basa Sunda di SMA; bahan bacaan pikeun masarakat salaku informasi perkara busana kabaya patali jeung ajén nu nyangkaruk di jerona.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kandaga kecap busana wanoja (kabaya) nu aya dina rumpaka kawih;
- 2) harti kandaga kecap busana wanoja (kabaya) nu nyampak na rumpaka kawih nu patali jeung warna, kontéks, paripolah ogé status sosial;
- 3) ajén palsapah nu nyampak dina rumpaka kawih nu patali jeung dipakéna busana kabaya ku wanoja; sarta
- 4) média jeung bahan ajar aprésiasi kawih pangajaran basa Sunda di SMA (wangun aransemen mp3) katut rancangan bahan ajarna.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat tioritis, kayaning ieu di handap.

- 1) Pikeun élmu basa, ieu panalungtikan bisa méré sumbangsih kandaga kecap busana wanoja (kabaya) nu nyampak na kawih Sunda;
- 2) Pikeun élmu sastra, ieu panalungtikan bisa méré sumbangsih hususna kana kumpulan rumpaka kawih Sunda nu aya patalina jeung maké baju kabaya;
- 3) Pikeun élmu budaya, ieu panalungtikan bisa méré sumbangsih utamana patali jeung ajén palsapah nu nyampak dina busana wanoja (kabaya) dina rumpaka kawih Sunda;
- 4) Pikeun panalungtikan séjénna, ieu panalungtikan bisa dijadikeun referensi panalungtikan anu aya patalina jeung busana wanoja (kabaya) ogé ajén palsapah atawa référénsi pikeun panalungtik séjén nu hayang nalungtik leuwih jero ngeunaan kawih Sunda hususna nu dijerona ngaguar perkara wanoja maké busana (kabaya).

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa miboga mangpaat kayaning ieu di handap.

- 1) Pikeun balaréa/pamaca, hasil ieu panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh perkara maksud tina ajén palsapah nu nyampak na kawih Sunda waktu ngagambarkeun wanoja maké kabaya; maham kana ajén palsapah dina rumpaka kawih Sunda nu ngagambarkeun busana wanoja (kabaya); méré informasi nu patali jeung harti kandaga kecap busana wanoja (kabaya) sarta maksud ajén palsapah dina rumpaka kawih nu patali jeung wanoja maké kabaya; ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan gambaran wanoja Sunda dina maké busana kabaya.

2) Pikeun pangajaran di sakola, ieu panalungtikan bisa dipaké média jeung bahan ajar basa Sunda SMA (ngeunaan kawih). Luyu jeung KIKD Kurikulum 2013, silabus SMA kelas XI patali jeung perkara kawih anu digambarkeun dina KI-4 (eusina meredih tarékah guru sangkan siswa bisa méré sawangan kana kawih tur ngaéksprésikeun rumpaka kawih luyu jeung kaédah-kaédahna sacara lisan jeung tulisan). Dipiharep ku stimulus ngaliwatan média mp3 siswa bisa weruh kana wacana, kandaga kecap, latihan méré maksud kana kalimah atawa wacana (dina ieu hal patali jeung rumpaka kawih), tur kahontalna indikator pangajaran (siswa bisa maham kandaga kecap rumpaka kawih, maham kana budaya nu kagambar dina rumpaka kawih, jeung siswa maham ajén palsapah nu nyampak dina rumpaka kawih).

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tésis disusun jadi lima bab. Bab I ngeunaan Bubuka, anu eusina ngébréhkeun kasang tukang panulis dina panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan (ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat tulisan boh mangpaat praktis jeung mangpaat téoritis, jeung rangkay tulisan.

Bab II Ulikan Téoritis, anu eusina ngébréhkeun tiori-tiori ngeunaan (1) ajén palsapah; (2) tata busana wanoja; (3) kandaga kecap dina busana, sarta (4) pangajaran basa. Dina tiori ajén palsapah bakal patali jeung (1) ajén-inajén budaya; sarta (2) ajén palsapah jeung budaya. Dina tiori tata busana wanoja baris patali jeung (1) wangenan busana; (2) dangdanan; jeung (3) papasingan busana (pinton anggon). Patali jeung tiori kandaga kecap bakal aya hubungana jeung (1) wangenan kandaga kecap; (2) wangun kandaga kecap; (3) rupa-rupa kandaga kecap jeung hartina; jeung (4) kandaga kecap dasar. Nu pamungkas, nyaéta tiori pangajaran basa nu ngawengku: (1) wangenan pangajaran; (2) komponén pangajaran; (3) bahan pangajaran; (4) média pangajaran; sarta (5) évaluasi pangajaran. Di sagédéngun tiori-tiori nu geus ditataan, dina bab II ogé ngawengku raraga mikir jeung panalungtikan saméméhna.

Bab III Méthode Panalungtikan, anu eusina ngébréhkeun ngeunaan lima hal: (1) desain panalungtikan, (2) sumber data; (3) téhnik ngumpulkeun data, (4) instrumén pangumpul data, jeung (5) analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu eusiana ngadéskripsikeun Hasil Panalungtikan jeung Pedaran panalungtikan. Dina ieu hal, rumpaka kawih nu dijeron aya kandaga kecap busana wanoja (kabaya) baris dianalisis ajén palsapahna, sarta implikasina bisa jadi média jeung bahan ajar basa Sunda di SMA.

Bab V Kacindekan jeung Saran minangka Panutup, anu eusina ngébréhkeun hasil panalungtikan, nétélakeun implikasi jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan anu baris dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.